*sıqmar eken, qorasındaǵı sonsha tawıǵınan birewin soymay dúkannan bir kilogramm gileń tawıqtıń moyınların ákelip quwırıptı da, qayın atasınıń aldına qoyıptı.*

*Moyın quwırdaqtı túrtip jep otırǵan Ómirbek bir waqıtları:*

*- Balam-aw, dim búlinip qalıpsań ǵoy. Neshe tawıq soyǵansań? – degen waqtında kúyew balası qısınǵanınan ózin qoyarǵa jer taba almay qalıptı"[4:24].*

Alınǵan bul mısalda jazıwshı Ómirbek obrazın qayta islegen, onı aqıllı, hámme nársege túsinetuǵın, kúyew balasına da orınlı sóz ayta alǵanı menen basqa kúldirgi sózlerden ajıralıp turadı.

Haqıyqatında da, Ómirbek laqqı haqqındaǵı kúldirgi sózler xalıqlıq ideya menen suwǵarılǵan. Ondaǵı hár bir sózde tereń máni jasırınǵan. Ol hárqanday jaǵdaydan qálegenshe sóz tawıp ayta bilgen talant iyesi bolǵan. Mine, balası, hayalı, Ómirbek arasındaǵı konfliktte de jıllı sezim otırıp, onsha qattı ketpey-aq, balasına bir shappat urıw menen basqalarǵa úgit-násiyat berip turǵanlıǵın kóriwimizge boladı.

N.G.Chernichevskiydiń sózi menen juwmaqlap aytatuǵın bolsaq: "Hár bir yumor – kúlkili hám ǵamlı boladı", - dep jazǵan edi [3:190]. Joqarıda kórip ótkenimizdey Ómirbek anekdotlarında da bul pikir tastıyıqlanıp turǵanlıǵın kóremiz. Onıń folklorlıq obraz sıpatında tanılǵan Ómirbek obrazı jazıwshı tárepinen qayta islengen hám onı qayta jaratqanlıǵın kóriwimizge boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Абай. Еки томдық шығармалар жыйнағы. II Том. –Алматы: «Жазыўшы», 1986. 304-б.
2. Ómirbektiń anekdotları. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1990.
3. Чернышевский Н.Г. полн. Собр. Соч. том 11. 1990.
4. Jumaǵulov S. Bilettiń jartısı kimde? –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1995.
5. Paxratdinov Yu. Ómirbek laqqı hám yumor-satira máselesine. –Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1992.



**REZYUME.** Maqolada S.Jumag'ulovning ijodidagi xalq og'zaki ijodi va undagi yumor masalasiga alohida to'xtalib o'tilgan. Qoraqalpoq adabiyotida Omirbek obrazi kuldurgi so'z ustasi sifatida taniqli. Yozuvchi Omirbek obrazini yana da takomillashtirib, yozma adabiyotda uning obrazini yaratganligi haqida so'z yuritiladi

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается проблема фольклора и юмора в творчестве С.Джумагулова. В каракалпакской литературе персонаж Омирбека известен как мастер смешного слова. Говорят, что писатель еще больше усовершенствовал образ Омирбека и создал его образ в письменной литературе.

**SUMMARY.** The article focuses on the issue of folklore and humor in S. Jumag'ulov's work. In Karakalpak literature, the character of Omirbek is known as a master of funny words. It is said that the writer further improved the image of Omirbek and created his image in written literature.


## ҲӘЗИРГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНДА ФЭНТЕЗИ ЖАНРЫ ТУЎРАЛЫ


**К.Г.Матимов –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** постмодернизм, фэнтези жанри, фэнтези жанрида сюжет, бадиий тил ва фантазия, илмий фантастика, адабий йуналишлар.

**Ключевые слова:** постмодернизм, жанр фэнтези, сюжет в жанре фэнтези, художественный язык и фантазия, научная фантастика, литературные направления.

**Key words:** postmodernism, fantasy genre, fantasy genre plot, literary language and fantasy, science fiction, literary directions.


XXI әсир цивилизациясы: мәдeнияt, көркем өнер, соның ишинде көркем әдебият глобализациялық шеңберде раўажланыўы менен бақланғанындай, инсан ҳәм жәмийет түрлише формада жетилисиўи даўам етпекте. Нәтийжеде, көркем әдебият ушын метод, ағым ҳәм жөнелислер ҳәр қыйлылығы менен романтикалықтан реалистлик руҳ көркем әдебияттың жетекши формасына айланды. Жәмийет ҳәм инсан турмысына болған итибар, көркемликтен көре (публицистикалық сыпаттың артыўы) қаҳарманлар психологиясына кириў, оның актив турмыслық позициясын анықлаў көпшилик заманагөй шығармаларға тән қубылыс болып көзге тасланбақта. Усы заманагөй жөнелис постмодернизм деп аталады. Постмодернизм модернизмнен кейин келген (post-кейин), қурамалы ҳәм көп қырлы әдебий ағым. «Постмодернизм (fr.postmodernisme модернизмнен кейин) – өткен әсирдиң екинши ярымынан әдебият ҳәм көркем өнерде, улыўма социал-гуманитар тараўларында бақлана басланған ағым, дөретиўшилик метод» [5:227] деп көрсетеди. «Постмодернизм – дүньяны түсиниў ҳәм түсиндириўдиң бир жолы. Көркем өнер жолы, әдебият жолы, дүньяны аңлаў, сезиниў жолы» [8:73]. Демек, усындай модернистлик ҳәм постмодернистлик ағымдағы шығармалар қарақалпақ әдебиятында да сезилерли дәрежеде көзге тасланбақта.

Қарақалпақ әдебияты ўәкиллери жәмийет турмысының әҳмийетли машқалаларын, дәўир келбетин, инсан характерин көркемлик пенен сәўлелендирип келген. Бул, әсиресе, елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин және де сезилерли дәрежеде көзге тасланбақта. Себеби, бүгинги күндеги әдебиятымызға нәзер таслайтуғын болсақ, онда жаңа жөнелислерди ҳәм ағымларды, усыллар менен жанр көп түрлилигиниң гүўасы болып отырмыз. Бул болса өз нәўбетинде мәмлекетимизде алып барылып атырған демократиялық процесслер, ең тийкарғысы, көркем дөретиўшиликке тән болған дөретиўшилик еркинлиги менен байланыслы болып табылады. Мине, усындай ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында жазыўшы-шайырларымыздың дүнья әдебияты тәжирийбелерин пухталық пенен үйрениўи нәтийжесинде модернистлик ҳәм постмодернистлик ағымдағы шығармалар менен бирге заманагөй қоспа жанрлар, жанрлар кесиспесиндеги жанрлар ямаса бизиң әдебий процессте үрдис болмаған жаңа заманагөй жанрдағы (фэнтези, драбль ҳәм т.б.) шығармалар дөретилмекте. Бул әлбетте, жазыўшы-шайырларымыздың көркем шығарма дөретиўде жаңашыллыққа умтылыўларының бир көриниси болып табылады.

Әдебий процесстиң раўажланыў тенденциясына нәзер аударатуғын болсақ, Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама», «Қарақалпақпан, тәўекелшимен», «О, дүньядағы атама хатлар», роман-эсселери, О.Әбдирахмановтың «Аралым - дәртим мениң», «Сайғақлардың көшпели тәғдири» ҳәм т.б. очерк-эсселери сондай-ақ, басқа да жазыўшылардың дөретиўшилигинде повесть-эссе, мемуар-эссе, яднама-эссе, эссе-новелла ҳәм т.б. қоспа ҳалаттағы жанрлардың әдебиятымызға енисип киятырғанын айрықша атап өтиў орынлы.

Мине, усындай ҳәзирги әдебиятымызда бой көрсетип киятырған заманагөй жанр бул – фэнтези. Бул жанр барлық әдебий дәстүрлердиң белгилерин (нышанларын) өзинде жәмлеген, тарийхый-эволюциялық жолдан өтип, турақлы қәлиплесип, XXI әсир көркем әдебиятының таза жанры ямаса әдебий бағыты сыпатында белгиленбекте.

Фэнтези – сөзи ингилис тилинен алынып (fantasy) фантазия сөзинен келип шыққан. Негизинде бул жанр XV әсирдиң биринши ярымында пайда болған деген пикирлер де бар. Бирақ, дүнья әдебиятында өткен әсирдиң 60-70-жылларында бул жанрға қызығыўшылық күшейеди [7:6]. Фэнтези жанрындағы шығармалар шым-шытырық тарийхый ўақыяларға тийкар болған романларды еске түсиреди. Олардағы ўақыялар Орта әсирлер менен ҳәзирги раўажланыў дәўирине жақын ўақыяларды қамтып, әдебий қаҳарманлар айрықша күшлер, қубылыслар менен қарама-қарсылыққа түсип отырады. Көбинесе, фэнтези архетиплик сюжетлер тийкарында қурылады.

Фэнтези – бул қыялый әлемде пайда болатуғын ўақыялар сүўретленетуғын жанр болып, көпшилик жағдайда ҳақыйқый дүнья әпсанасы мазмунында баянланатуғын шығарма. Оның тамырлары аўызеки фольклорлық дәстанларға барып тақалып, соң фантастикалық әдебият, илимий фантастика ҳәм т.б. субжанрлар өсип шыққан. Фентези жанры илимий фантастика ҳәм қорқынышлы готик жанрлар менен бир-бирине жүдә уқсас келгени менен, белгили дәрежеде өзине тән болған сыпатлы белгилери менен ажыралып турады. Фэнтези жанрының тән қәсийетлери жүдә көп болып олар қатарына ғайрытәбийғый жанзатлардың шығарма мазмунында сәўлелениўи (кентавр, суў периси, гоблин, сирена) айырым қаҳарманлардың, сюжетлердиң шынлыққа сәйкес болмаған ис-ҳәрекетлери ямаса сүўретлениўи (келешекти болжаў ҳәм т.б.) киреди.

Ҳәзирги күнде фэнтези жанрының төмендеги түрлери санап өтилген:

1.Ҳаўанлар ҳәм қуўыршақлар фэнтези;

2.Әжайып ҳәм ғайрытәбийий күшке ийе қаҳарманлар фэнтези;

3.Эпикалық фэнтези;

4.Күлкили (комик) фэнтези;

5.Готик (қорқынышлы) фэнтези.

Фэнтезидиң жанр яки жөнелис, бағдар сыпатында анықлаўда, алымлар түрли көзқарасларды тийкар етип көрсете баслады. Фэнтези жанрын изертлеген илимпазлар, оның жанрлық белгилерин теориялық бағдарда шешиўде бир тоқтамға келген емес. Базы әдебиятшы алымлар оны жанр сыпатында белгилесе, екиншилери әдебий ағым, фэнтези әдебияты сыпатында таныса, және бир топардағы алымлар дәслебинде әдебий жанр ретинде пайда болып, соң әдебий бағыт сыпатында қәлиплесе баслады деп баҳалайтуғынлар да бар. Деген менен, заманагөй әдебияттаныў илиминде тийкарғы мәселелердиң бири фэнтезиди жанр сыпатында таныў әҳмийетли мәселелердиң бирине айланбақта. Фэнтези түсинигин көпшилик алымлар өзлериниң илимий мийнетлеринде түрлише атамалар менен атаған. Мәселен, М.С.Галина [2:161-170] ҳәм Н.Ковтун [4:378] фэнтезиге «жанр», А.Карелин [6] – «фантастиканың «субжанр»ы, А.И.Осипов [6:320] – «жөнелис» сыпатында қарап келеди. Ҳақыйқатында, бул жанр тартыслы пикирлерди туўдырыўы тәбийий қубылыс. Өйткени, бул жанр тек ғана көркем әдебияттың турақлы жанры болып шекленип қалмастан, өрисин кеңейтип, кино, театр, радио, телеведение, живопись ҳәм т.б. көркем өнер түрлериниң барлық салаларына кирип барып, белгили жанрлық формасына айланбақта.

Биз мақаламызда фэнтези жанрының дүнья әдебиятында пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыў эволюциясын, бул жанр ҳаққында илимпазлардың теориялық пикирлери менен танысып шыға отырып, әдебиятымызда бул жанрдың өриси туўралы пикир жүргизиўди мақул көрдик. Әлбетте, биз жоқарыда айтып өткенимиздей, соңғы дәўирлерде қарақалпақ әдебиятында жаңа заманагөй қоспа жанрлар, сондай-ақ дүньялық әдебияттың үлгилери енисип киятырғанын атап өткен едик. Усындай мол тәжирийбелерге ийе болған жазыўшы О.Әбдирахмановтың дөретиўшилигинде пайда болған «Әмиўдәрья» журналының 2022-жылдың №5-6 санларында ҳәм өзбек тилинде Түркий әдебиятлар дүрданасы деп аталған 100 томлықтың 38-томында жарық көрген «Теңиз толы, ай жарық» (замана әпсанасы) деп аталған фэнтези жанрындағы шығармасы дыққатымызды өзине тартты. Әлбетте, О.Әбдирахмановты халқымыз, кең жәмийетшилигимиз Арал, экология ҳәм тәбият жанкүйери сыпатында «Аралым–дәртим мениң», «Арал – аппақ дийўал алдында», «Сайғақлардың көшпели тәғдири» очерк-эсселери ҳәм драмалық шығармалары, романлары, бир неше юмор-сатиралық гүрриңлери арқалы жақсы таныйды.

Ал, жазыўшының фэнтези жанрында «Теңиз толы, ай жарық» заманагөй әпсанасында юморлық ҳәм сатиралық сүўретлеўлер араласып, шығармада әпсана, ертек жанрларының элементлери тән болған, баслы белгилери қоспа ҳалатта сақланып, повесть жанры менен уйғынласыўы тийкарында синтезлескен. Шығарманың бас қаҳарманы Тилегенниң Үрге аўылындағы турмысы, жаслығы, өтмиши ҳәм Арал айдынында балықшылық кәсиби менен шуғылланыўы, өтмишти еслеў ҳәм гейде қыялый фантазияға берилиўи, Өтеген молланың адамгершилик нормаларға сыймайтуғын ис-ҳәрекетлери сатиралық образда сүўретлениўи менен көзге тасланады.

Улыўма айтқанда фэнтези жанрында шығармалар қарақалпақ әдебиятында бой көрсетиўи, әдебиятымыздың дүньялық масштабта раўажланыўынан дәрек береди. Бул жанрдағы шығармалар бизиң әдебиятымызда, балалар әдебиятында да ушырасыўы мүмкин. Бул жанрдың пайда болыўын ҳәзирги әдебий процесстеги ҳалатын изертлеў керек.

**Әдебиятлар**

1. Әбдирахманов О. Теңиз толы, ай жарық. // «Әмиўдәрья» журналы, 2023. №5-6.
2. Галина М.С. Авторская интерпретация универсального мифа (Жанр «фэнтези» и женщины-писательницы) // Общественные науки и современность. 1998. № 6.
3. Карелин А. Классики. Предтечи фэнтези. URL: http://mirf.ru/Articles/art285.htm
4. Ковтун Е.Н. Поэтика необычайного: художественные миры фантастики, сказки, утопии, притчи и мифа (на материале европейской литературы первой половины XX века). -М.: 1999.
5. Қуранов Д., Мамажанов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. – Тошкент: «Академнашр», 2010.
6. Осипов А.Н. Фэнтези // Он же. Фантастика от «А» до «Я»: краткий энцикл. справочник. -М.: 1999.
7. Насриддинов Д. Фэнтези генезиси ва унинг илмий талқини. - // Илмий ахборотнома. 2020. №6.
8. Ҳамдамов У. Жаҳон адабиёти: Модернизм ва постмодернизм. –Тошкент: «Академнашр», 2020.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада фэнтези жанри назарияси, унда генезиси, замонавий адабиёт вакиллари сезиларли даражада ижод қилиб келиши ва пайдо бўлиши манбалари, шаклланиш босқишлари, ривожланиш тарихи сўз этилган. Бул жанрнинг XXI аср қорақалпоқ адабиётида О.Абдирахманов ижодида пайдо бўлиши ҳақида баён қилинади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о теории, генезисе жанра фэнтези, источниках значительного творчества и возникновения представителей современной мировой литературы, этапах становления, истории развития. Появление этого жанра в каракалпакской литературе XXI века описывается в творчестве О.Абдирахманова.

**SUMMARY.** The article discusses the theory and genesis of the fantasy genre, the sources of significant creativity and emergence of representatives of modern world literature, the stages of its formation, and the history of its development. The emergence of this genre in Karakalpak literature of the 21st century is described in the work of O. Abdirakhmanov.


## АБАЙ ИЛИМИНДЕГИ ТУТАСЛЫҚ: АҚЫЛЛЫ ҚАРА ҚЫЛДЫ ҚЫРЫҚҚА БӨЛМЕК


**А.Б.Салқынбай –** *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әл-Фараби атындағы Қазақ миллий университети*



**Таянч сўзлар:** тюркология, миллий қадирёт, қозоқ тилшунослиги, семантика, тил ва маданият, миллий код, семантик аспект, компонент.

**Ключевые слова:** тюркология, национальная ценность, казахское языкознание, семантика, язык и культура, национальный код, семантический аспект, компонент.

**Key words:** Turkology, national value, Kazakh linguistics, semantics, language and culture, national code, semantic aspect, component.


**Кирисиў.** Қазақ миллий дүньятаныўының негизги бийиги де, тыңы да, дилиниң мазмуны да - СӨЗ. Қазақ ойының жемиси – ҳасыл сөзинде. Усындай ойдың жемисин, қунлылықлардың дерегин де, керегин де табатуғын ең адастырмайтуғын түп қазық - Абай шығармалары. «Абай әлеми бизди жети түнде адастырмас Темирқазық». Бир айрықшалығы Абай мақсети де, әрманы да «тек бир ғана миллет сақлайтуғын байлықлар емес, пүткил адамзат сақлайтуғын байлықлар» [1.5].

Уллы Даланың қақ ортасын еркин жайлаған қазақ арасынан шыққан Абайдай уллы данышпан «адамзаттың бәрин сүйиў» туўралы әжайып уллы ой айта алса, бул да қазақ дүньятаныўының бир көриниси деп ойлаймыз.

Бул – энергетикалық кеңисликте тил арқалы сақланған халықлық болмыс питим. Бул - қазақ миллетиниң жан дүньясында тербелип, узақ тәжирийбе арқалы ретленген, жыйнақланған илим системасы.

Бул - қазақ миллетниң өмир тиришилигиндеги көрген жақсылығы менен қыйыншылығынан, мың өлип, мың тирилген турмыс тәғдиринен, тәбият сырларын терең таныған танымынан, ыссылығына күйип, суўығына тоңа жүрип жыйнап-тергени. Өзин таный жүрип, өзгени өзи арқалы сезине жүрип, әлем менен бирлигин түйсинген, сөйтип жаратылыс пенен әлемдеги уллы үнлесликти өзиниң санасы арқалы өткизип түйгени. Усы илим системасы Абай шығармаларына илгек болды, диңгек болды.

**Изертлениўи менен усылы**. Абай шығармаларын когнитивлик-дискурслық бағытта үйрене отырып, оның қурылысындағы системалы билимди, ойлы пикирди, мықлы исенимди таныймыз. Бүгингидей мағлыўмат ағынында Абайдай дананы туўғызған - дана ойларды, санадағы турақлылықты, миллий қунлылықларды баҳалаўды ядымызда сақлап, өмир жолымызда уқсата пайдаланыў зәрүр деп, ойымызды өрислеткимиз келеди.

Миллий өзиншелик сана – миллий сананың өзеги, негизи. Ол адамның руўхыный ҳәм экономикалық-сиясий өмиринде өзин-өзи анықлаўы ушын зәрүрли баҳалаў қатнаслары менен рационаллы баҳалылықлардың негизги системасы болып ҳәрекет етеди. Миллеттиң өзинше санасы орналасып, раўажланып, өзин-өзи таныўы, көбинесе, руўхый мәденияттың баҳаланыўы арқалы танылады. Оның айырмашылықлары: тили, дини, тарийхы, яды, салт-дәстүри, ортақ ата-бабалар мифи, миллий минези, халықлық жәнe кәсиплик өнери т.б. Миллий өзлик, сана, этникалық психологияда қурамалы қубылыс ретинде қарастырылады. Миллий бирдейлик – миллеттиң өз қунлылықларын, мақсети менен мүддәәсин баҳалаў арқалы айқынланады. Яғный миллий бирдейлик өз халқының өткен тарийхын, ата-тегин, миллий идеясын, болажағын, дүньялық шерикликте алатуғын орнын билиў ҳәм бүгинги урпақ бойындағы ўатансүйиўшилик, миллий мақтаныш, өз қәдир-қымбаты менен ўазыйпасын сезиниўи арқалы көринеди.

Абай дөретиўшилиги Қазақ әдебияты теориясы менен тарийхында Б.Кенжебаев, Қ.Жумалиев, М.Қаратаев, Р.Нурғалиев, З.Қабдолов, З.Ахметов, М.Базарбаев, Ж.Ысмағулов, М.Жолдасбеков, Р.Сыздық, М.Мырзахметов, Ж.Дәдебаев, Т.Журтбай, Т.Шапай сыяқлы илимпазлардың мийнетлеринде ҳәр түрли бағытта изертленди.